

**ANTOLOGI
GURIT SISWA KELAS 9
SMP NEGERI 1 SEMPOR
TAHUN 2022**



**KASUSUN DENING:
HIDAY MUNAWAROH, S,Pd.
(GURU BAHASA JAWA)**

GURITAN KELAS 9A

- (1) **Langite Klebus**
(Dening: M. Fakhruzzaman, Faqih Jalalludin)

Langite klebus,
Langite ing kala wingi,
Petenge kaya atiku,
Udane saya telas, nelesi atiku,
Kaya-kaya ngabari wasiat,

Inyong banjur mikir apa kuwi maksude?
Sanandyan atiku wis bingung,
Apa sakbenere iki,
Aku wis okhlas apa wae kahanane saiki,

Atiku wes ra karuan saiki,
Saiki inyong takon marang awakku dhewe,
Awakku dhewe banjur bingung ditakoni,
Aja maneh atiku sing wis taklarani,

Dhuh Gusti,
Apa salahku marang panjenengan
Nyuwun pangapunten Gusti,

Banjur aku wis ikhlas lilalhita'ala,
Masia taklarani dening makhlukmu Gusti,
Atiku kaya bawana sing lemahe nela-nela,
Angin, kandhakna yen aku isih tresna,
Nganti gawe atiku mbedhedheg,
Ora madhang ningen wareg.

(2) **Sekolahanku**
(Dening: Erik Ardiansyah, Riza Ibrahimovic)

Sekolahanku

Panggonan anggonku golek ilmu,

Sekolahanku ...

Diwulang dening Bapak lan ibu guru,

Sekolahanku ...

Sinau, maca buku,

Ing panggonan iki,

Aku diajari supaya karo wong tuwaku kudu bekti,

Ing panggonan iki,

Aku diajari marang kanca aja sreji lan drengki,

Diparingi PR kanggo gladhen,

Karo sangu urip ing tengahing bebrayan,

Aku percaya...

Sanajan abot kudi dilakoni,

Kabeh mau kanggo kepentingan pribadhi,

Jare ben ngesuk dadi wong kang aji,

Migunani tumrap bangsa lan nigari.

(3) Nyerah Nalika Berjuang
(Dening: Angelicha Setiawan, Shirly Monica Saputri)

Nyerah utawa berjuang,
Nyerah iku gampang,
Nanging berjuang iku angel,
Ing jaman saiki, apa sing dikarepake ya kudu berjuang,
Kanggo berjuang dhewe kudu ngyakinake awake dhewe,
Nalika dhewe yakin dhewe kudu semangat,
Nanging nalika dikon nyerah,
Jiwa semangat kuwi krasa ambruk,

Apa maneh iku panjaluke wong tuwa,
Kepercayaan dhiri dadi ilang,
Jiwa semangat sing kobong dadi mati,
Nanging apa dhewe bisa ngelawan?

Panjurung paling tulus,
Kuwi panjurung saka wong tuwa,
Berkah sing paling utama,
Kuwi berkahe wong tuwa,
Nanging ing mburi panyuwunan nyerah,
Mesthi ana kawicaksanaan,
Sanajan siki dhewe ora ngerti,
Nanging ing sawijining dina dhewe bakal ngrasakake.

(4) Siswa Pelajar
(Dening: Risky Amelia, Ulum Chika C.T.)

Inyong mung manugsa biasa,

Inyong siswa pelajar kelas sanga,

Kudu usahaapa bae sing ana gunane.

Kringetku bakal nduwe makna,

Kasil ora langsung ana,

Kudu eling, usaha, lan dedonga,

Bakale ngesuk dadi carita,

Ala lan becik den rasani,

Ditampa apa anane,

Suksesku nggawe bungah, boyung lan kulawarga,

(5) Sekolahku
(Dening: Nabihha Aulia Sadhina, Triana Devi Prastida)

Panggonan nomer loro sawise omahku,

Papan kang kanggo golek ilmu,

Bocah-bocah sinau lan

Ngrungokake bapak lan ibu guru

Sekolahku ...

Dolanan bareng lan sinau bareng

Ing panggonan iku

Aku percaya ...

Sejam lan salawase sinau kudu dilakoni

Kanggo kepentingan pribadi lan masa depan.

(6) **Guru**
(Dening: Lifiana Saputri, Sarah Riani)

Donyaku biyeng kosong mlompong,
Jagadku peteng ndhedhet,
Nanging saiki jadatku maneka warna,
Amarga anane guru,

Iku guruku ...

Sing ngajari lan murukku aku,
Maringi aku kawruh lan ngelmu,
Kanthi rasa ikhlas lan sabar,

Iku guruku ...

Ngawula kanthi ikhlhas
Kanggo agama, bangsa lan negara
Sanajan gaji lan asile sithik

Matur nuwun,

Dhuh guruku,

Aku mesthi,

Ukir jeneng lan asmamu ing atiku.

(7) Bumi Ayu
(Dening: Nayla Ayu N.S, Nazah Hanifah)

Nalika bumi isih sepi,

Lintang panjer rahina wis tangi,

Menehi pepadhang sagung dumadi,

Kang wiwit gumregah ngupaya rejeki,

Para among tan iwis ndalidir mecaki galengan,

Mbok bakul sinambi wara wus sengkut makarya,

Para ngulama tumungkul dedonga lan mengestu puja,

Para santri wirid lan ngaji,

Jago kluruk sesautan,

Melu tasbeh marang pangeran,

Ndongya wis gagat rahina,

Maringi kalodhangan janma nyupadi pangupajiwa.

(8) Petenging Wengi
(Dening: Obet Zihan Ohara, Sasih Desti Fitria)

Sumribit angin ngelus langit sore,

Manuk Sriti bali ing pucuking cemara,

Nganti tekaning wengi sing nyenyet,

Gawe tambah kekesing angin sore,

Tumlawung rasa kang ngulandara,

Wengi bakal tumeka maneh,

bareng karo wewayanganmu,

kang bakal ngebaki impen petenging wengi,

lumaku turut petenging lurung,

gawang-gawang campur mega-mega.

(9) Malem Selasa Kliwon
(Dening: Galang Prasetya Utama, Fatkhurrohman)

Malem Selasa Kliwon,

Kang nggawa sakehe pitakon,

Ing jagad tanpa payon,

Para manungsa padha sesingitan,

Wengi iki tintrim,

Wengi kang sepi,

Angin kelangan laku,

Kabeh kewan mbisu,

Mendung sore mau ilang,

Kanthi nggawa rintik-rintik grimis, bubar,

Hawa Donya, kadya mulate dhan lan pang,

Panas lan sumpeg ing jiwa,

Malem Selasa kliwon,

Wengi kang tanpa rowing,

Tanpa kanca, kanggo mbabar esem,

Among katon peteng.

(10) Begal
(Dening: Galang Prasetya Utama, Fatkhurrohman)

Begal, wong liya nyebut mbrandhal,
Sabèn dina ngasah gaman nganggo wungkal,
Kanggo nodhong neng terminal,

Begal pinter golek akal,
Kabean didadekna korban,
Beagle mirip preman,

Yen kecekel didulang sabdhal,
Begal saiki
Luwih tega nglarani,
Nggawa gaman kanggo meden-medeni,
Gawe gregetan polisi,
Njaluki dilebokake bui.

(11) Sekolah
(Dening: Nayla Rosiana Salsabila, Suci Wulandari)

Sekolahku ...

Papan kanggo aku nggoleki ilmu,

Papan sinau bareng batir-batir,

Ing sekolah aku bisa ketemu karo lan guruku,

Susah lan seneng dirasakna bareng,

Sinau lan maca buku ...

Ing panggonan iki,

Aku kudu patuh lan manut marang guru,

Aku diajari supaya karo wong tuwaku kudu bekti,

Tentrem lan seneng rasane atiku,

Ngerasakake endahe sesawangan sekolahlu.

(12) Wong Sepele
(Dening: Rovingah, Stefani Putri F)

Inyong mung manungsa biasa,
Saking kulawarga kang biasa,
Sing ora digatekake lumrahe wong-wong liyane,
Wong liya kang nduwe pangkat gedhe-gedhe,

Mlaku lumrahe wong neng alam donya,
Ora kakehan polah sing penting bisa,
Ngelingi mung nunut wong tuwa,
Sing ora keru donga lan usaha,

Aku wong sepele ...
Sing ngimpi-ngimpi dadi wong gedhe,
Sing akeh raja brana lan bandhane.

(13) Carita
(Dening: Asha Agrita Svifa, Lulu Tri Indriani, Sa,adatul Umami)

Ana carita ing sawijining dina,
Ing ngendi awake dhewe sakrasa,
Ing ngendi awake dhewe saarah uga,
Ing wektu nemu werna-werna rasa,

Nanging carita among carita,
Kang keru adoh ing kana,
Tanpa aku, kowe, utawa asmara,
Mung kenangan tanpa rasa tresna,

Amarga carita among gawe tatu lan lara,
Kang gawe rasa kuwciwa,
Kuciwa ing njero dhadha,
Kang gawe rasa kadhusta.

(14) Sekolahku
(Dening: Naufal)

Sekolahku ...

Bangunanmu kang megah lan gagah

Dadi tujuwane para siswa lan siswi

Sing arep golek ilmu kanggo sangu yen sesuk dadi tuwa

Saben dina,

Aku tansah ana njero ruanganmu,

Ngrungokakaw piwulange bapak lan ibu guru,

Apa sing kudu digugu lan kudu ditiru,

Tambah dina tambah marem atiku,

Sekolahku ing SMP Negeri 1 Sempor,

Sing kawentar gurune

Sing kawentar prestasine.

(15) Alam
(Dening: Ilyas)

Alam ...

Ati sing lara dadi waras,

Yen ndeleng apike alam iki,

Pikiran sing lesu dadi tuntas semangat,

Ndeleng ciptaane Sing Kuasa.

Matur syukur mring Gusti,

Sing wis nyiptakake bumi langit saisine,

Kita kudu ngrawat alam iki.

Murih Donya luwih apik lan tetep lestari.

(16) Alam
(Dening: Ilyas)

Alam ...

Ati sing lara dadi waras,

Yen ndeleng apike alam iki,

Pikiran sing lesu dadi tuntas semangat,

Ndeleng ciptaane Sing Kuasa.

Matur syukur mring Gusti,

Sing wis nyiptakake bumi langit saisine,

Kita kudu ngrawat alam iki.

Murih Donya luwih apik lan tetep lestari.

GURITAN KELAS 9B

- (17) **Sekolahku**
(Dening: **Fadila Tri Lestari**)

Sekolahku ...

Panggonan anggonku golek ilmu,

Sekolahku ...

Sinau, maca buku,

Ing panggonan iki,

Aku diwarahi supaya karo wong tuwa kudu bekti,

Aku percaya,

Senajan abot kudu dilakoni,

Kabeh mau kanggo sangu,

Ngesuk dadi wong kanga ji,

Migunanu tumrap bangsa lan nagari.

(18) Sekolahku
(Dening: Tsany Rahma Azzahra)

Ing sekolahku, SMP NEGERI ! SEMPOR ...

Ing sekolah iki,

Aku didhidhik babagan budi pakarti,

Ben ora keliru anggone nglakoni urip ing donya iki,

Ing sekolah iki ...

Kathah ilmu sing daktampi,

Yen karo guru iku, kudu bekti,

Yen karo wong tuwa, kudu ngajeni,

Yen karo kanca ora kena srei,

Sinau ing sekolah iki, aku dadi ngerti,

Pentinge golek ilmu lan perlune budi pakarti,

Supados sesuk mben yen wis tuwa,

Aku dadi wong kanga aji.

(19) Sekolahku
(Dening: Wahidah Kurniasih)

Bangunanmu kang megah,
Sekolahku, SMP NEGERI ! SEMPOR ...
Dadi tujuwane para siswa lan siswi,
Sing arep golek ilmu kanggo sing tuwa,
Saben dina
Aku tansah ana njero ruanganmu,
Ngrungokake piwulange bapak lan ibu guru,
Apa sing kudu digugu lan ditirt,
Tambah dina tambah marem atiku,
Sekolah ing SMP Negeri 1 Sempor
Sing kawentar gurune kanga ken prestasine.

(20) Sekolahku
(Dening: Wahidah Kurniasih)

Bangunanmu kang megah,
Sekolahku, SMP NEGERI ! SEMPOR ...
Dadi tujuwane para siswa lan siswi,
Sing arep golek ilmu kanggo sing tuwa,
Sabab dina
Aku tansah ana njero ruanganmu,
Ngrungokake piwulange bapak lan ibu guru,
Apa sing kudu digugu lan ditirt,
Tambah dina tambah marem atiku,
Sekolah ing SMP Negeri 1 Sempor
Sing kawentar gurune kanga ken prestasine.

(21) Sekolahku
(Dening: Desta Sesya Arista)

Esuk tekan awan aku nggolek ilmu,

Kanggo masa depanku,

Sekolahanku ...

Aku duiwulang karo bapak lan ibu guru,

Sing tansah sabar lan ikhlas ngajari aku,

Sekolahku kang endah lan asri,

Ndadekake aku semangat golek ilmu,

Oh sekolahku ...

Aku diajari supaya kudu bekti,

Lan dadi bocah sing bisa ngajeni,

(22) Cita-citaku
(Dening: Amanda Aprilia Putri)

Saben dina aku sinau,
Sinau maca buku,
Ora nate kesel aku sinau,
Kanggo mujudake cita-citaku.

Wiwit esuk tekan awan,
Aku sinau ing sekolahan,
Didhidhik dening para guru,
Supaaya bisa ulih ilmu,

Sanajan abot kudu dilakoni,
Kanggo mujudake cita-citaku,
Kabeh mau kanggo kepentingan probdhi,
Supaya gawe kanggo bapak lan ibu.

(23) Korupsi
(Dening: Auliya Nur A)

Abang putih kanjunjung dhuwur ing langat bumi pertiwi,

Wujud getih lan balung para pejuang,

Temetesing kringet luh kang wis kabacut dadi tumbal,

Saiki kahanane kepiye?

Akeh kang ngapusi, akeh kang korupsi.

Raimu gedhek, ora duwe isin,

Rakyatmu padha kaliren, para pandhuwur katon lemu,

Rakyatmu mlarat, bandha lan duwitmu sakarat-arat.

Ayo padha gumregah!

Bangsa dadi Makmur, sejatera lan tambah gagah!

(24) Sekolahku
(Dening: Eka Satria lan Naufal)

Senenge atiku,

Ndeleng sekolahku,

Sing resik lan tambah maju,

Papan kang kanggo golek ilmu,

Kanggo sangu urip nalika tambah tuwa,

Sekolahku,

Papan nomer loro sawise omahku,

Sekolah ing SMP Negeri satu,

Didhidhik lan diwulang dening guru,

Aku kudu sregep sinau,

Supaya ora diomahi dening bapak lan ibu guru.

(25) Sekolahku
(Dening: Andika lan Dimas Erviyan)

Sekolahku,

Papan panggonan kanggo golek ilmu,

Didhidhik dening para guru,

Aku tansah ana ing ruanganmu,

Sing arep golek ilmu,

Sekolahku,

Panggonan nomer loro sawise omahku,

Sekolah ing SMP negeri satu,

Tambah dina tambah tentrem atiku,

Sekolah kang apik menehi ilmu.

(26) Gurit katur Ibu
(Dening: Dona Bella)

Tresna asihe ibu,
Ora ana kang bisa ngganteni,
Donga ibu kang tulus,
Pangorbanane kang tanpa wates,

Ibu,
Kasabaranmu kang kebak wutuh,
Nadyan anakmu nakal.
Ibu tetep sabar,
Lan tresna asih marang awakku,

Matur suswun ibu,
Ibu tansah ngrumat aku saki cilik tekan saiki,
Pangapurane ibu,
Yen aku during bisa nyenengake ibu,
Pandongaku,
Mugi Gusti tansah nyembadani.

GURITAN KELAS 9C

(27) **Sekolah**
(Dening: **Najwa Jumaerah**)

Esuk-esuk iki wayahe sekolah,
Nganggo klambi putih lan rok biru,
Pamitan karo wong tuwa,
Banjur mangkat meng sekolah,

Sekolah ...

Sekolah iku papane kanggo golek ilmu,
Ing papan iki aku kudu sregep sinau,
Ing papan iki aku diajari sopan santun,
Dibimbing dadi wong sing duwe ilmu,

Kadng kala aku lumuh sinau,
Nanging ing kana aku kudu gumeregh,
Kanggo nututi impenku,

Sapa aku menawa tanpa sekolah,
Ing papan iki akeh diajarna ilmu,
Gladhen sika plan emosi,
Supaya dadi generasi becik kanggo negri iki.

(28) Gara-gara Corona
(Dening: Mulia)

Corona,

Corona iku virus kang membayakna,

Virus corona gawe wong padha seda,

Virus iki nggawe sekolah kudu ditutup,

Lan sekolah dadi PJJ utawa daring,

Nganti lakune wektu,

Sekolah wiwit dibukak maneh,

Nanging siswa kaperang dadi rong sesi,

Sekolah kudu nggunakake masker,

Corona,

Kapan kowe bakal ninggalake bumi iki?

Corona nggawe manungsa wedi,

Corona nggawe manungsa kelangan karya,

Cepet ilang corona!

Aja teka ing donya iki,

Supaya manungsa bisa urip kanthi mardika lan bebas,

Tanpa duwe rasa wedi.

(29) Tahun 2020
(Dening: Latifah, Laura Kania Dewi)

Wektu kuwi wektu kang dadi sedhik lan sengsara,
Amarga akeh wong kang padha kena *covid 19*,
Akeh wong kang padha seda,
Lan bocah sekolah kena imbas,

Corona, virus cilik iku teka nggawe geger sakjagat,
Makhluk iku nyerang para manungsa,
Gawe morak marik negri iki,
Makhluk iki asale saka Wuhan Cina,

Warta covid 19 ana ing ngendi-endi,
Amarga kabeh kudu nganggo masker,
Uga wajib vaksinasi covid 19,
Kudu wijik lan nganggo handsanitizer,

Covid 19 uga nggawe pasinaon dadi owah,
Sinau kanthi sarana PJJ,
Daring kang menehi ilmu anyar,
Daring uga menehi rasa silaturahmi sansaya ilang,

Aplikasi *classroom* dadi sarana pembelajaran siswa,
Ana *google meet* lan *whatsapp*,
Sinyal dadi alangan siswa kanggo pembelajaran,
Pemerintah padha resah,
Ekonomi rakyat uga dadi masalah,
Akeh wong kelangan papan kanggo nggolet nafkah,
Ndadekake manungsa padha susah,

Saiki warta covid 19 tansaya ilang,
Wong-wong uga padha ora nganggo masker,
Nanging kita kudu tetep njaga,
Supaya covid 19 nyata ilang saka negara iki.

(30) Kancaku
(Dening: Aghisna Syifa Afiati)

Ing rikala wengi teka,

Ing wektu iku aku kelingan,

Ngelingi bebarengane awake dhewe,

Kang jebul ana sedhela,

Netesake eluh bebarengan,

Lan guyon bebarengan,

Wis awake dhewe liwati,

Bejane awakku,

Kang nemu kanca kaya kowe,

Kancaku ...

Aja nglalekake aku,

Elinga dina-dina,

Kang wis awake dhewe lakoni bareng-bareng,

Kenangan karo kowe,

Tansah kasimpen jroning atiku ...

Aku tansah dedonga,

Kanggo bebarengan sateruse kanggo awake dhewe.

(31) Pelajaran Daring
(Dening: Nila Sintayudiah)

Ing wayah esuk kang ayem tentrem,
Jago kluruk anggawe tangi,
Hape muni tandha ana pesen,
Jamane aku kudu ngisi absensi,

Pelajaran daring,
Dilakokake amarga teka virus asing,
Kang gawe bocah padha mrindhing,
Ora oleh metu saka omah,
Ora oleh mangkat sekolah,

Dhuh Gusti,
Kula sayah,
Kula waleh,
Kula bingung,
Mumete sirah wis amakili,
Kepiye rasane deleng tugas puluhan akehe,
Bocah sekolah ora kenal kanca-kancane,
Sabab dina cekeale among hape,

Youtube, classroom, google meet, lan whatsapp pancen asik,
Nanging, sinau ing sekolah luwih gawe bungah,

Oh pelajaran daring,
Ayo awak dhewe enggal misah,
Supaya aku bisa luwih cedhek karo sekolah.

(32) Corona
(Dening: Silvia Romadoni)

Saka Wuhan Cina,

Kewan cilik nanging bisa nggawe mati.

Nyebar ing saindhenging donya,

Nyebar penyakit ing ngendi wae,

Saben dina akeh korban,

Dadi akeh wong sing mati,

Rumah sakit nang ngendi wae wis ebak,

Kuburan wis entek panggonane,

Oh ...corona,

Kowe medeni banget,

Kowe dadi mbubrahke donya,

Kowe gawe donya sepi,

Panggonan ing ngendi wae tutup,

Nganti sekolah kudu tutup,

Kowe Corona lungaa!

Supaya jagad pulih kaya sanalika.

GURIT KELAS 9D

(33) **COVID 19**
(Dening: Nico Wahyu Syahputra)

Tekamu tan kinira,

Ora katon ing netra,

Anjalari lelara,

Polahmu gawe cilaka,

Gawe bingung nayakaning praja,

Ninggalake rasa sungkawa,

Lan nelangsa,

Anggonmu mratah krana Gusti kang ndhawahake,

Ananging kang wis dadi kawigataene,

Mula enggala bali mring Ngarsane.

GURIT KELAS 9E

(34) **Sekolahku**
(Dening: **Fildan lan Fatih**)

Oh sekolahku,

Ing ngendi aku golek ilmu,

Lan ing ngendi aku bisa nemokakae kanca anyar,

Kelasku isine lanang lan wadon,

Sarta guru kang paring piwulang marang para siswa putri lan siswa putra,

Aku lan kanca-kancaku padha temen golek ilmu,

Kanggo bisa nggayuh impen kang takluru,

Ing sekolahku ana lapangan,

Lapangan kanggo papan gladhen olahraga,

Lapangan tengah kanggo nindakake upacara,

Kuwi sekolahku papan kang nyenengake.

(35) Sekolahku
(Dening: Fauzan lan Nurul)

Bangunan kang megah,
Adem, ayem, endah lan asri,
Tambah bungah atiku,
Tambah semangat golek ilmu,
Golek ilmu kanggo masa depan,

Saben dina ngrungokake piwulang guru,
Ora pareng nakal lan kakean polah,
Marga aku ngerti yen guru iku digugu lan ditiru,
Ora ana guru kang nyengsarakake,
Yambah dina tambah marem atiku,

Sekolah ing SMP Negeri satu,
Panggonan anggonku golek ilmu,
Sanajan abot kudu dilakoni,
Kabeh mau kanggo kepentingan pribadhi,
Yen bisa migunanu kanggo bangsa lan negari.

(36) Nandhang Tresno
(Dening: Gresilia lan Icha)

Sekar mawar kang endah,
Ing taman katresnanku,
Nambahi rasa sumringah,
Sabèn dina tansah kelingan,
Marang sliramu pepujaning atiku,
Rina wengi mung tansah nglamun,
Kelingan solah tingkah gumuyumu,
Sorote sinar ing netramu,

Tansah tumancep ing jero kalbu,
Suaramu tansah gawe tentremng atiku,
Bungah ati yen sesandhingan awakmu,
Karo sliramu pepujanung atiku.

(37) Uripe Manungsa
(Dening: Calvin lan Hanif)

Manungsa oja neka-neka,
Sapa sing neka-neka bakal cilaka,
Gusti bakal duka merga sira,
Menawa uri sira ora tumama,

Aja sira rumangsa bisa,
Amarga sira ora kuasa,
Aja sira sok sembada,
Menawa sira ora kuwawa,

Sumarah marang Gusti,
Nyenyuwun awan bengi,
Iku dalang urip kang nyata,
Nganti tekan suwarga adi.

(38) Aja Dumeh
(Dening: Naela lan Lu'ay)

Aja dumeh dadi bocah pinter,

Nyepelikake kanca liyane,

Aja dumeh bagus rupane,

Ngenyek wong liyane,

Aja dumeh sugih bandhane,

Ngenyek wong liyane,

Kapinteranmu, bagus rupane,

Ora ana manfaate,

Yen kowe dadi wong gumedhe,

Marang sepadha-padhane.

(39) Wayah Esuk
(Dening: Asyifa lan Haniifah)

Grimis kemepyur ngruwis nggawa pangarep,

Aja dumeh dadi bocah pinter,

Nyepelekake kanca liyane,

Aja dumeh bagus rupane,

Ngenyek wong liyane,

Aja dumeh sugih bandhane,

Ngenyek wong liyane,

Kapinteranmu, bagus rupane,

Ora ana manfaate,

Yen kowe dadi wong gumedhe,

Marang sapadha-padhane.